ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№102 (23.916) ● 2019 гъэм шыщхьэІум (августым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ Террорым пэщІэтыныкІэ комиссэмрэ КъБР-м щыІэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Террорым пэщІэтыныкІэ комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м къегъэщыІІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачев Е. А. КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., хабзэхъумэ органхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

ЗЫТЕПСЭТЪЫХЬА Іэху нэхъыщхьэхэм ящышщ ЩІэныгъэм и махуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэм, Терроризмэм ебэнынымкІэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм яхуэгъэза дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІкІэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щыхахкІэ шынагъэншагъэ къызэгъэпэщыныр. Апхуэдэу зэІущІэм щыхэплъащ Урысей Федерацэм терроризмэм и идеологием щыпащІэтыныныкІэ Комплекс планыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщагъэзащІэм.

Республикэм иджыпсту щыІэ щытыкІэм и гугъу щищІым щыІналъэм и унафэщІым къыхихыгъэщхьэкуІащ Іэхуэхэр зэпІэзэрыту зэрекІуэкІыр. КъэкІуэну зэманым урысейпсо, республикэ Іэху зэмылІэужьыгъуэ куэд зэрекІуэкІынур къыхигъэщхьэхуІри, КъБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэхІэ зыгъэзащІэм къигъэлъэгъуащ: «Дэ псоми ди кьалэнщ иджыпсту зэтеуэф оперативнэ щытыкІэмрэ абы дызэрыхуэхьэзырымрэ дегупсысыну. Гулъытэ хэха хуэщІын куейщ еджапІэхэр, гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр щекІуэкІынри щыху зэхыхьэпІэхэр терроризмэм и щІэпхъаджагъэхэм ящыхъумэным».

Террорым пэщІэтыныкІэ муниципальнэ комиссэхэм я унафэщІхэм КІуэкІуэ К. В. яхуигъэуващ зыпэрыт кьалэныр зэщІэгъэуІуэуэ ирахьэкІыну, профилактикэ лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэну, Интернетымрэ социальнэ сетхэмрэ терроризмэм и идеологиер утыку къизылъхьэхэм нэхъ тклийуэ ятэщІэтыну.

Зыхуэфащэ ведомствэхэм пщэрылъ щащІащ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэхуэщ1апІэхэм я паспортхэр тхыныр зэфІагъэкІыну, терроризмэм зыщыхьумэным и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэм хэльу кьалъытаныкъуэсаныгъэхэр икІэщІыпІэкІэ ягъэзэкІуэжьыну.

ЗэІущІэм къыщыІэта Іэхуэхэм ятеухуауэ докладхэр ящІащ къэрал кІуэцІ ІэхуэхэмкІэ министру КъБР-м щІэнэ **Ромашкин И. К.**, КъБР-м щыхуэр егъэджанымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхуэхэмкІэ и министр **Къумыкъу І. М.**, КъБР-м и министр **Къуэшырокъуэ З. Къ.**, КъБР-м и Хэкажіуэ комиссэм и унафэщІ **Джэш В. М.**, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іэхуэщ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Дзыгул М. Хь**. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

2019 гъэм фокІадэм и 8-м КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

УхуакІуэхэр журналистхэм яхуозэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хуэныгъэмрэ гъэуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ щекІуэкІащ 2019 - 2024 гъэхэм ятещІыхьа «Шынагъуэншэу щыт икІи фІагъ зиІэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа пресс-конференц.

КъБР-м и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, блогерхэр, журналистхэр зыщІэупщІахэм жэуапхэр ираташ КъБР-м ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ - КъБР-м и архитектор нэхъыщхьэ Унэжокъуэ Анзор, «Гъуэгу хозяйствэмкІэ управленэ» къэрал кІэзонэ Іэхуэщ1апІэм и унафэщІ Акопян Рафаэль, Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Ашэбокъуэ Анзор.

ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ республикэм и гъуэгу хозяйствэм и лэжьыгъэр иужьрей зэманым, псом хуэмыдзу «Шынагъуэншэу щыт икІи фІагъ зиІэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ, нэрылъагъуу зэрефІакІуар.

Пресс-конференцым и кІэухым Унэжокъуэ Анзор жиІащ мыпхуэдэ зэІущІэхэр министерствэм щІэх-щІэхыуэ щрагъэкІуэкІыну зэрамурадыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хыхьэнущ «Кавказым и псы Іуфэ къабзэхэр» акцэм

«Урысейм и псыр» урысейпсо акцэм хиубыдэ «Кавказым и псы Іуфэ къабзэхэр» щІыгъэпс марафоным хыхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Абы екьэлІа Іуэхуэхэр республикэм и щІыналъэхэм щекІуэкІынущ щыщхьэуІум и 23 - фокІадэм и 15-хэм къриубыдэу.

ПРОГРАММЭМ хохьэ псы хъумапІэхэм я нэхъыбапІэм деж щрабэт щІыхьэхуэхэр щеГъэкІуэкІынныр. КъБР-м ЩІыуэпс хъуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм муниципалитетхэм, жылагъуэ, щІыуэпс, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящІыгъуу и мурадщ щІыналъэм и псы Іуфэ километрипщІ бжыгъэхэр игъэкъабзэну, кІэрыхухбжьэрыху икъухьахэр щІэзэщІакъуэну.

Къэралым и псыежэхэр, гуэлхэр хъумэныр зи кьалэн нэхъыщхьэ «Экология» лъэпкъ проектым хыхьэ «Урысейм и псыхэр» акцэр къэралым и щІыналъэ 45-м щохІуэкІ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэ1ум и 27, гъубж

♦Урысей кином и махуэщ. 1919 гъэм сохьет Урысейм и Правительствэм унафэ къыдигъэкІащ къэралым ином пыщІауэ щыІэ Іуэхущ1апІэ псори цІыхубэм ейуэ къэлъытэным теухуауэ.

♦Молдовэ Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм къащтащ ар къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам теухуа Декларацэр.

♦1760 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Елизаветэ къэрал кІуэлыкъущІэхэм Іулъхьэ кьыІахьыр яхуэзымыдэ унафэ къыдигъэкІащ.

♦1908 гъэм Бельгием къыщыхэрагъэпэщащ «Андерлехт» футбол клубыр.

♦1911 гъэм Урысейм къыщыхэрагъэпэщащ «ЦСКА» футбол клубыр.

♦1922 гъэм Москва къыщыдэкІащ «Крокодил» журналым и ятІэ номерыр.

♦1946 гъэм Прагэ къыщыхэрагъэпэщащ Студентхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦1955 гъэм Инджылызым дунейм къыщыхтехьащ рекордхэр зратхэ яІэ тхьилъыр, Гиннесс и тхьилъкІэ зэджэр.

♦1959 гъэм СССР-м къыщыдэкІащ курыт школхэр фІы дыдэу къэзыухахэр медалхэмкІэ Іэпэжэным теухуа унафэ.

♦2000 гъэм Москва и Останкинэ телечэщанэм мафІэсышхуэ къыщыкъуащ. Зы жэщ-махуэкІэ яхуэгъэункІыфІыфауэ аращ унэм хэщІыныгъэшхуэ езыта мафІэр. Чэщанэр зэгъэпэщыжьым щаухар 2004 гъэм и кІэухырыщ.

♦2005 гъэм Къэзан къалэм метро къыщыщІэуахащ. Ар ирагъэзэпІат Тэтэрстаным и щыхьэрыр илъэс мин щрикъу махуэшхуэр гъэлъапІэным.

♦Америкэм щыщ тхакІуэшхуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Драйзер Теодор** къызэралъхурэ илъэси 148-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Раневская Фаинэ** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦США-м и 36-нэ президент **Джонсон Линдон** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦ЛыжкІэ къызэдэжьи спорт лІэужьыгъэмкІэ щІэрыІуэ хъуа, тхуэнэйрэ дунейпсо чемпионатым щытекІуа, 1956 гъэм Италием щекІуэкІа Олимпиадэм дыщэ медалыр къыщызыхьа **Барановэ (Козыревэ) Любовь** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Андреев Владимир** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КъБКъУ-м и доцент щыта **Бозий Лудин** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Къантемыр Тыркубий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урысей, украин актёр, СССР-мрэ Украинэмрэ я цІыхубэ артист **Ступкэ Богдан** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей космонавт, СССР-ми УФ-ми я ЛІыхъжь **Крикалёв Сергей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэлэжьакІуэ, Абхъазым и ЛІыхъужь **Килбэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІуэу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Шыщхьэ1ум и 28, бэрэжьей

♦Венециэм (Италие) къыщызэІуах дунейпсо кинофестивалыр

♦1851 гъэм Санкт-Петербургрэ Москварэ зэпызыщІэ гъущІ гъуэгум мафІэгухэр пІалъэ убзыхуам тету щызекІуэнущ зэтраублауэ щытащ.

♦1920 гъэм Урысейм цІыхуу щыпсэур зыхуэдизыр зрагъэщІэн папщІэ, совет къэралыгъуэщІэм и Правительствэм и унафэкІэ, ахэр япэу ябжауэ щытащ.

♦1924 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ Физкультурэмкіэ областной совет.

♦1936 гъэм Японием къыщызэрагъэпэщащ «Тойота» автомобиль компаниер.

♦1941 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къыщІэтащ Волгэ Іуфэм Іус нэмыцэхэр а щІыпІэм игъэІэпэхъуакІуэу Сыбыриры, Къазахстаным, Курыт Азием щэным теухуауэ. Нэмыцэхэм я совет автономием и цІыхухэм шэч хуащІат фашистхэм ядэІэпыкъуу. Ахэр зэрымыкъуэншар 1964 гъэм хэІущІыІу хъужауэ щытащ.

♦Нэмыцэ щІэныгъэлІ, усакІуэ Гёте **Иоганн Вольфганг** къызэралъхурэ илъэс 270-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ-фантаст, зэдзэкІакІуэ **Стругацкий Аркадий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, сценарист **Трифонов Юрий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Ивашов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Гундаревэ Наталье** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Мыз Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъэплъащ1э ТІэхьир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэртехьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адэ мылъку бынгъэкІуэдщ.

● Лъэпкъ проектхэр

Зэраубзыхуам тету

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и хэщІапІэм мэрем блэкІам щекІуэкІащ федеральнэ лъэпкъ проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзащІэм теухуа зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, Іуэхур зэгъэщІылІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗЭХУЭСЫР иригъэкІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт, абы и щІыналъэ къудамэм и секретарь, республикэм и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Афэщагъуэ Михаил**.

Лъэпкъ проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзащІэм теухуауэ зэхьыхьэм къыщыпсэлъащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и тхьэмадзэм и дэІепыкъуэгъу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**.

- Дызэрыщыгъуаззэщи, федеральнэ лъэпкъ проектхэр ди республикэм щыгъэзэщІэныным ехьэлІауэ, зи ныбжьыр илъэси 3-м нэмысса сабийхэр зращалІэ Іуэхущ1апІэхэм ящыщу иджыри зыбжанэ республикэм и муниципалитетхэм къыщыздгъэпэщыну ди мурадщ. Къыщыжэмыщ1ауэ, КъБР-м и щІыналъэщым: Налшык къалэ округым, Шэджэм, Прохладнэ районхэм 2020 гъэм и кІэм хуэзэу къыщызэІутхьынущ иджыри мардэхэм къытІасэу щащІ курыт еджапІэщІэ зырыз, - кьыпищащ и псалъэм Жанатаевым.

Зэхьыхьэм къыщыпсэлъащ парт проектхэр пхыгъэкІынныр, ахэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынныр зи пщэ къыдэхуэ министерствэхэм, Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэри. Абыхэм ящыщ зыт КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ **Анаев Аслъэн**.

- Лъэпкъ проектхэр нахуанІэ щыным якъ иткІэ, мы зэманым ди щІыналъэм щызэфІагъэувэ иджыри къыздэсым зэи дымыльэгъуа теплъэ дахэ зиІэну спорт комплексыщІэу ТІу. Абыхэм хихьыдэ волейбол джэгупІэхэр зыхуэй хэзгъэзэным сом мелуан 50-м нэблагъэ текІуэдэнущ, - къыхиригъэщащ Анаевым.

Зэхьыхьэм къыщІэтащ ныбжьыщІэхэм, щІалэгъуалэм лъэрыжэ къэжьыкІэм зыщІыхуагъасэ хъуну, мыл губгъэушхуэ зиІэ уардэунэ ди республикэм и къалащхьэм щыхуэзэн зэрыхуейм ехьэлІа псалъэмакъри.

- СыззэрелІымкІэ, абы хуабжьу дыхуэныкъуэщ. - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым. - Сыту жыпІэмэ, дэ дэнэкІи щытлагъур щІалэхэм я Іэпкъ-лъэпкъым зыщІагъэужь хъуну спорт Іуэхущ1апІэхэр къызэрыщызэІуахырщ. Зытезгъэчныныхьр хъыджэбз щІыкІухэм, пщащэхэм зыщІагъэзащІэн утыкухэм икъуэсыкъужкІэ дызэрыщыщІэрщ. Абы къыхэкІыуи, фигу къэзгъэкІыжьыну сыхуейт спортым ехьэлІа парт проектхэр гъэзэщІэным хухаха пІалъэр 2022 гъэм зэриухыр. Аращи, мы иужьрейуэ зи гугъу тщІари зэгупсысіпхъэщ.

Тхылъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейц.*

● Тхылъыщ1э

Хабзэм и хъумакІуэ



Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ Пщыбий Сулътіан и тхылъыщІэ. «Хабзэм и хъумакІуэ» фІэщыгъэр зиІэ а къыдэкІыгъуэм ихуа тхыгъэхэр, авторым зэрыжиІэмкІэ, сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ яхуэгъэзащ.

ЗАУЭМ, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіагъэсакъ Кьарухэм, хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым и президиумым, УФ-м и Журналистхэм, ТхакІуэхэм я союзхэм хэт Пщыбий Сулътіан зи гугъу ттщІы тхылъыр и япэ лэжьыгъэкъым. Тхэным куэд лъандэрэ дихьэх нэхъыжьыфІым езыр зыхэт ветеран зэгухьэныгъэм и Іуэхущ1афэхэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм ятеуху тхыгъэхэр абы щІэх-щІэхыуэ кьытрырегъадзэ республикэ газетхэм, журналхэм. Пщыбийм и кьалэмылэм апхуэдэу кьыпыкІащ рассказхэр, гушыІэхэр, таурыхъхэр. Нэхъапэ Іуэхіэ дунейм кьытехьа-хэм ящыщу «В небе Ястреб» («Эль-Фа», 2006 гъэ), «Растить патриотов» («Печатный двор», 2014 гъэ) тхылъхэр.

Апхуэдэу Сулътіан хэтащ «ТекІуэныгъэ Иным и ЛІыхъужьхэр» къэралпсо литературэ зэпеуэм. ТхакІуэм абы игъэхьа «Возвращение домой» рассказым гулъытэшхуэ игъэтащ, зэпеуэм и тхыгъэ нэхъыфІ-хэм хабжащ. Пщыбийм къыхуагъэфэщащ зэпеуэм и дипломрэ Урысейпсо зауэ-тхьідэ зэгухьэныгъэм, УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, Урысей къэрал библиотекэм къабгъэдэкІыу «Зыри ттщІэупщІакъым» псалъэхэр зытет фэеплъ медаль льапІэрэ.

Пщыбийм и иужьрей тхылъым ит очеркхэр, таурыхъхэр, шыпсэхэр, гушыІэхэр, ауанэр сабийхэм нэмыщІ, балигъ куэдми зэрафІэхьэлэмэтыным шэч хэлъхьам. Бзэ дахэкІэ, къулейкІэ тхащ ахэр, жанр зэмылІэужьыгъуэхэри къызэщІауБыдэ.

Зи бжыгъэкІэ 300 хъуэ дунейм кьытехьа тхылъыщІэр къыщывгъуэтынущ къалащхьэм и тхылъ тыкуэнхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъэуэкІэ щІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хыхьэнущ «Кавказым и псы Іуфэ къабзэхэр» акцэм

«Урысейм и псыр» урысейпсо акцэм хиубыдэ «Кавказым и псы Іуфэ къабзэхэр» щІыгъэпс марафоным хыхьэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Абы екьэлІа Іуэхуэхэр республикэм и щІыналъэхэм щекІуэкІынущ щыщхьэуІум и 23 - фокІадэм и 15-хэм къриубыдэу.

ПРОГРАММЭМ хохьэ псы хъумапІэхэм я нэхъыбапІэм деж щрабэт щІыхьэхуэхэр щеГъэкІуэкІынныр. КъБР-м ЩІыуэпс хъуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм муниципалитетхэм, жылагъуэ, щІыуэпс, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ящІыгъуу и мурадщ щІыналъэм и псы Іуфэ километрипщІ бжыгъэхэр игъэкъабзэну, кІэрыхухбжьэрыху икъухьахэр щІэзэщІакъуэну.

Къэралым и псыежэхэр, гуэлхэр хъумэныр зи кьалэн нэхъыщхьэ «Экология» лъэпкъ проектым хыхьэ «Урысейм и псыхэр» акцэр къэралым и щІыналъэ 45-м щохІуэкІ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм кьалэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр иухащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар кьевгъэхьын пащІэ иджыри Іэ щыщІэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми. Мазі 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 438-рэ кІэнІейкІэ 44-рэ.

Ди индексыр П 5894

●Пшыхьхэр

Къафэм и гуащэ

РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щІыхь зиІэ я артистхэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ гъэзджэм и зыужьынагъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзышІэ, къафакІуэ Іэзэу щыта Шэру Соня къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур Іэтауэ ягъэлъэпІащ.

«КАБАРДИНКА» Къэрал академическэ ансамблым и къафакІуэ пашэу щыта Шэру Соня Налшык Макъамэ театрым щыхуащІа пшыхь дахэм зэхуишэсат ар фІыуэ зыльагъуу щытахэр, и благъэ-Іыхьлыхэр.

- Абы псори зэреджэр Къафэм и гуащэт. А цІэр Шэрум фІэзыщар абы и анэшхуэрт. КІыщокъуэ Алим Соня тыгъэ къыхуищІауэ щыта, и усэхэр щызэхуэзьэса тхылъми а псалъэхэр къыхутритхат. Сыт хуэдэ лъэпкъми иІэжщ езым и цІыху пажэхэр, апхуэдэхэм яхуэзэфІокІ я щэнхабзэр дунейпсо утыку ирахьэн. Апхуэдэт Шэру Соня. Ар зыми ещхьтэкъым. А цІыху Іэдэбыр утыку кІихьамэ, щІым лъэмыІэсу къафэу кІыпфэщІыт. Пшыхьыр нэжэгужагъэр щытепщэу екІуэкІмэ, ди гуапэщ. Сыту жыпІэмэ езыр щытащ къафакІуэ Іэзэу, нэфІэгуфІэу. ДыгуфІэу дигу къэдгъэзэкІыж, - къызэІуихащ пщыхьэщхьэр КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Шэру Соня адыгэ лъэпкъым къыхэкІа къафакІуэ Іэзэ дыдэу зэрыщытым, лъэпкъым илъэсищэм зэ фІэкІа апхуэдэ къызэрыхэмыкІым, Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, ди къэралышхэри абы иригушхуэу къызэрекІуэкІам, абы и пІэм иубгъуэвэ хъун образ ноби зэрамыгъуэтым и гугъу ищІу, «Кабардинка» ансамблым и балетмейстер нэхъыщхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа Ульбашев Мутай и къэпсэльэныгъэу пленкэм трахауэ щыта видеор пэщым щыфІэдза экраныщхьэмкІэ къагъэльэгъуэжащ. Апхуэдэуи щІыхуэр ирагъэплъащ Шэру Соня трахауэ щыта нэтыным щыщ пычыгъуэхэм.

- Шэру Соня хуэдэ цІыху щэджащэм утепсэльыхьыну къызэрымыкІуэу гугъущ. ХужьпІэнри куэдщ. ИтІани, сыт хужьмыІэми лей хъунукъым. Дэ дропагэ пщэкъыр дыззэрыгушхуэ а бзылъхугъэр ди щІыналъэм, Къармэхьэблэ жьлэжьым къызэрыдэкІам. Сэри си напщІэ тельщ ар сызэриблагъэр, - жиІащ Дзэлыкъуэ щІыналъэ адміністрацэм и Іэтащхьэ **Джатэ Руслан**. - ЩІыхум Іэужь дахэ къыгъанэу щытмэ, абы и лъэужьыр кІуэдырыкъым. Соня щэнхабзэм къыхина и Іэужьыр лъэужьыншэ зэрымыхъуам и щІыхьэтщ нобэ екІуэкІ лэжьа Ульбашев Мутай и къэпсэльэныгъэу пленкэм трахауэ щыта видеор пэщым щыфІэдза экраныщхьэмкІэ къагъэльэгъуэжащ. Апхуэдэуи щІыхуэр ирагъэплъащ Шэру Соня трахауэ щыта нэтыным щыщ пычыгъуэхэм.

- Шэру Соня хуэдэ цІыху щэджащэм утепсэльыхьыну къызэрымыкІуэу гугъущ. ХужьпІэнри куэдщ. Мыбы кІэрихьэлІа псоми, къэкІуэну къэхъуапсэу зи Іуэху хуэмыкІуэхэми ди щІыналъэм кІыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ.

Пшыхьыр дахэу ирагъэкІуэкІащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Аттаев Азнаурэ КІэхумахуэ ФатІимэрэ. Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэрал академическэ, Адыгэ Республикэм и «Алеуар» «Шагъдий», «Нал цІыкІу», «Черкес», «Эльбрус» ансамблхэм я къафакІуэхэм, республикэм щыцІэрыІуэ уэрэджыІакІуэхэу Хьэкъуп Оксанэ, «Бзэрабзэ» гупым хэтхэм, Теппеев Алим сымэ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.
Сурэтхэр **Петиков Игорь** *трихащ.*

КъБР-м щыпсэухэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

2019 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхахынущ республикэм и Парламентым и депутатхэр. Хэхьныгъэхэр екІуэкІынущ политикэ партхэм къагъэлъэгъуа спискэхэм япкъ иткІэ.

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партым ІэпкІэгъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыхь (лІыкІуэ) орган нэхъыщхьэм и депутату илъэситху дызыхуэкІуэм щытынухэм я кандидатхэр екІуэкІа республикэм щыпсэуэхэм зыныфхуегъазэ ахэр дэфІы-гъэнэ.

Дэ дыныволъэІу хэхьпІэхэм фекІуалІэу Іэ фІэтыну. Фэ Іэ зэрыфІэт щІыкІэм елъытауэ щытынущ илъэситху гъунэгъум республикэм зэрызиужьыну щІыкІэр. Нобэ дэ тхуэзфІэкІахэм дыхоплъэж, абыкІэ фи пащхьэм жэуап щыдот икІи дяпэкІэ зэфІэдгъэкІыну ди мурадхэм дытепсэльыхьну дыхуейщ. Ар илъэс блэкІахэм республикэм папщІэ тпъэкІахэм я отчётщ. АдэкІэ дызэгъуэсу дызэлэжьын хуейкэм я планхэрщ.

Кэуд къыдэхъуІакІэщ дэ. Ауэ щыІэщ иджыри дызыхунэмыса гугъуеуекъэр. А гугъуехьхэр лъэныкъуэ егъэзэныр щызэрыдэмыхъуІакІам щхьэкІэ ди пщэ дэлъ жэуапри зыщхьэщытхыжыркъым. Аращ фэ дынывэчэнджэщыным мыхьэнэшхуэ иІэу къыщІэтлъытэр, фи Іуэхуе еплъыкІэхэр зэдгъэщІэну дыщІыхуейр, адэкІэ тщІэн хуейкэр, унэтІныгъэ нэхъыщхьэ тщІынухэр нэхъ белджылы хъун папщІэ. Фэ фыкъыткъуэтмэ, дэ адэкІи дытелэжьэфынущ республикэм зиужьыным, абы щыпсэухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным.

КъБР-м и Парламентым и V зэхуэсыгъуэм и депутатхэм - нэхъыбапІэр **«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ»** фракцэм ейуэ лэжьам - ди екъулІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цІыкІухэр къызэрыдгъэгугъауэ щыта социальнэ къалэнхэр зэрыдгъэзэщІар. Депутат лэжьыгъэм социальнэ Іуэхухэр щынэхъыщхьэу щытащ сыт щыгъуи икІи апхуэдэуи къэнэж. Абы и щыхьэтщ а Іэнатіэм теухуа республикэ законхэм я бжыгъэр: социальнэ, лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, щІалэгъуалэ политикэм екъулІахэр. КъБР-м и закону иджыпсту лажьэхэм я нэхъыбэр ахэрщ зытеухуар.

Республикэм и хабзэубзыхь органым и V зэхуэсыгъуэм хэту илъэситхум кІуригъуэдзу ди партым лэжьыгъэфІ зэрыригъэкІуэкІар, унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэгъэпса парт проектхэр пхыгъэкІынымкІэ Іуэхум и пІалъэ фІыуэ ищІэ зэрыхъуар къэтлъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэр ди гъуэгугъэлъагъуэу, дэ фытепсэльыхьын папщІэ фи пащхьэ идолІхьэ ди лэжьыгъэм адэкІи лъабжьэ хуэтщІынухэр. **«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТЫМ»** и программэм хэтщ къэралым и социальнэ, жылагъуэ-политикэ, экономикэ Іэнатіэхэм зегъэужьынымрэ теухуа проектхэр, ахэращ дызыхуэкІуэ илъэситхум ди гъуаззу щытынур.

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партым и щІыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэм хагъэхьахэр УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкІуэкІ политикэр нэсу дзэлыгъэхщ. Ахэр зи Іэщ-гъэм фІыуэ хэзыщІыкІ защІэщ, Іэнатіэ куэдым - къэрал унафэр щІыным, промышленностым, мэхъумэшым, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм - зи зэфІэкІ къыщызыгъэлъэгъуахэщ. Мис апхуэдэ щІыхуэрщ дэтхэнэ зыми и псэукІэр икІэщІыпІэкІэ егъэфІэкІуэным хуэунэтІа унафэ къащтэн, дэІепыкъуэгъу хуэныкъуэ псоми ар ягъуэтын папщІэ властым хэтхэм я Іэзэгъэм куэд щелъытА мы лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэр зы Іэщ Іэкъым хуейр. ФокІадэм и 8-м хахыну хабзэубзыху властым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхуэр щогугъ зэтрихьа гугъуехь куэдым унафэ ятрищІыхьыну, армыхъумэ я Іуныджьыр драгъэуеин папщІэ зыгуэрэхэм щІыхуэр къызэрагъэгугъэркъым, хэхьныгъэхэр зэфІэкІа нэужь хэхакІуэхэр аргуэру къызэрагъэпщІауэ я къыщІидзыжьну псалъэ дыгъэлкъым.

«УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партыр тетщ къэрал политикэ зэІуахам, захуагъэм тещІыхьам икІи и пащхьэ ирегъэувэж пІалъэ кІыхьым тещІыхьа къалэнкэр, ахэр зэрызэфІагъэкІ Іэмалхэмк илъэс куэд хъуауэ щыгъуазэщ.

Ди къалэн нэхъыщхьэр дяпэкІи дзыхь къыдэгъэзынырщ икІи ар дгъэпэжынырщ.

Дэ къыдгуроІуэ и кІэм нэдмыгъэса Іуэхуэхэм, щыІэ гугъуехьхэм щхьэкІэ фи пащхьэ жэуап зэрыщытхыр икІи, фэ къыддэфІыгъмэ, дэ адэкІи делэжьэфынущ республикэм щыпсэухэм я сэбэп зыхэлъхэм.

ЩІыналъэ Парламентыр ар хабзэубзыху орган къудейкъым, атІэ ар властым и лІыкІуэ органщ. ЛІыкІуэхэм я властыр - ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу щІыхуэхэм я лІыкІуэу ущытыным, абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыбгъэкІынымк, къащхьэщыжьынымк хуэунэтІауэ жэуаплІныгъэшхуэ пхэлъу уплъэкъэныгъэ. Дэ ди пщэ дыдолъхьэж ар едгъэкІуэкІну!

ЖЭУАПЛІЫНЫГЪЭШХУЭ ЗЭРЫТХЭЛЪЫР КЪЭДГЪЭПЪАГЪУЭУ, РЕСПУБЛИКЭМ И СЭБЭП ЗЫХЭПЪХЭМ ДЫЗЭГЪУСэУ ДЕЛЭЖЬЫНЦ!

Іэ зэраІэт бюллетеным «УРЫСЕЙ ЗЭКЪУЭТ» партыр итщ **№24-м** щІэту.

ИрагъэкІуэкІа пхъэидзэм ипкъ иткІэ, пщІэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

● 2020 гъэр Урысейпсо къыхэтхыкІыныгъэм и илъэсщ

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхум зыхуагъэхьэзыр

ЕтІанэгъэ, 2020 гъэм, ди къэралым щекІуэкІынущ абы щыпсэу цІыхухэм я урысейпсо къыхэтхыкІыныгъэ. Жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ и 31 пщІондэ екІуэкІыну а Іуэхум къэрал, жылагъуэ мыхьэнэшхуэ иІэщ.

КЪЫХЭТХЫКІЫНЫГЪЭР нэхъыбэу зэрекІуэкІынур япэрей мардэхэм тетущ. ИтІани, абы хэлъынущ ипэкІэ щыІахэм ар къызэрыщхьэщыкІ Іуэхугъуэ зыбжанэ. Къэралым щыпсэу цІыхухэм ятеуха хъыбархэр щызэхуахьэсынур Интернетым пыщІа электрон напэкІуэцІкэрщ. КънэмыщІауэ, къыхэтхыкІыныгъэм халъхьа щІэрыщІэхэм ящыщщ дэтхэнэ цІыхуми хуитыныгъэ зэриІэр gosuslugi порталым ихьэу е «Госуслуги» Іэмалыр къигъэсэбэпу езым теухуа хъыбар псори и электрон напэкІуэцІым ирилъхьэну. Къэралым щыпсэухэм ятеуха хъыбар псори зэхуэхьэса хъуа нэужь, абыхэмрэ УФ-м щыпсэу цІыхухэм я реестрым итхэмрэ зы ящІыжынурэ, «ЩІыпІэм щыпсэу цІыхухэр» («Население») бжыгъэ аналитикэ платформэ къызэрагъэпэщынущ. Абы илъынущ ди къэралым щыпсэу дэтхэнэмэи теухуа хъыбархэр.

Къэралым ис цІыхухэм я бжыгъэр, ахэр лъэпкъкІэ зыщыщымрэ я анэдэлъхубзэмрэ, УФ-м и щыналъэхэм зэригузэщр, ябгъэдэлъ щІэныгъэр къозыгъащІэ къыхэтхыкІыныгъэм набдзэгубдзапІэу зыщыхуагъэхьэзыр ди республикэми. Ар ди деж къызыхуэтынщэу щызэфІэхьыным хуолажьэ КЪБР-м и Правительствэм КъыхэтхыкІыныгъэмкІэ къызэригъэпэща комиссэ щхьэхуэр. Абы хуэгъэпса лэжьыгъэхэр къэралым хыхь щІыналъэхэм щаублащ нэхъапэІуэкІэ. Къапщтэмэ, 2018 гъэм и жэпуэгъуэм къыхэтхыкІыныгъэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэр япэу щрагъэкІуэкІащ УФ-м хыхьэ щІыналъи 9-м. Абы хиубыдащ КЪБР-м и щІыналъэхэм ящыщу Іуащхьэмахуэ районыр. А къэхутэныгъэхэм къагъэльэгъуащ къыхэтхыкІыныгъэр езыгъэкІуэкІэми цІыху щхьэхуэми электрон напэкІуэцІхэр, «Госуслуги» Іэмалыр, нэгъуэщІ технологиещІэкэр къызэрагъэсэбэпыфыр.

Лэжьыгъэм пащэ мы гъэми. Республикэм хыхьэ щІыналъэхэм щагъэхьэзыр регистраторхэр. Апхуэдэ Іэщ ІагъэлІэкэр щагъэхьэзыращ, псалъэм папщІэ, КЪБР-м и Май районым. Абыхэм я кьалэнщ щІыналъэхэм хиубыдэ щІалэхэм, къуажэхэм, жылэхэм щыпсэу цІыхухэр къыхатхыкІыну, псэуалъэу яІэкэр наІуэ я къащІыну, уэрамхэм зэрахэр цІэхэмрэ абыхэм тет унэхэмрэ яІэ бжыгъэ дамыгъэхэмрэ зэпалъыту адміністрацэхэм щІэлъ похозяйственнэ тхылъхэм итхэм ирагъэпщэжыну. ЩІыпІэ-щІыпІэхэм хэхаущ щрагъэкІуэкІа апхуэдэ лэжьыгъэхэм къагъэльэгъуащ а Іуэхуэхэм зэІумыбзыныгъэ куэд зэрыхэлъыр.

Федеральнэ мыхьэнэ зиІэ къыхэтхыкІыныгъэр къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщыныр, тэмэму егъэкІуэкІыныр я пщэрылъщ къэрал властым и Іуэхущапіэхэм я унафэщІхэм, Іэщ Іагъэлъхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

●Лондон

Букингем уардэунэр.

Трафальгар утыкум.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ. 2019 гъэ*

● Аруан щІыналъэ

Электрикхэм бэлэрыгъыпІэ яІэкъым

Аруан щІыналъэм и «Электрические сети» Іуэхущапіэм бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм зыхуегъэхьэзыр.

2019 гъэм дыззрытехьэрэ щІыналъэм и РУЭС-м Нарткъалэ и закъуэ щихьэжащ сэкъат зыгъуэта, ток кІапсэхэр зрикІуэ пкъуэу 12-рэ изолятор пкъыгъуэу 48-рэ. Къэхъун - пкъуэу 15, изолятору 96-рэ, Псыкуэд пкъуэу 9, ток кІапсэу (АС-16) зы километр щахъуэжащ. Мыбыхэм къадэкІуэу трансформатор подстанцу 12-м лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ. Абы щыщу 7-р жылагъуэхэм ейщ, 5-р Нарткъалэ дэтщ.

Уней лъапсэхэм токыр зэрырашалІэ кІапсэу километр 1,5-рэ щІэкІэ зэрахъуэкІащ. РУЭС-м и ІэщІагъэлІхэм адэкІи лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зрикІуэ пкъуэу 12-рэ изолятор пкъыгъуэу 48-рэ. Къэхъун - пкъуэу 15, изолятору 96-рэ, Псыкуэд пкъуэу 9, ток кІапсэу (АС-16) зы километр щахъуэжащ. Мыбыхэм къадэкІуэу трансформатор подстанцу 12-м лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ. Абы щыщу 7-р жылагъуэхэм ейщ, 5-р Нарткъалэ дэтщ.

УнейІ лъапсэхэм токыр зэрырашалІэ кІапсэу километр 1,5-рэ щІэкІэ зэрахъуэкІащ. РУЭС-м и ІэщІагъэлІхэм адэкІи лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зрикІуэ пкъуэу 12-рэ изолятор пкъыгъуэу 48-рэ. Къэхъун - пкъуэу 15, изолятору 96-рэ, Псыкуэд пкъуэу 9, ток кІапсэу (АС-16) зы километр щахъуэжащ. Мыбыхэм къадэкІуэу трансформатор подстанцу 12-м лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІащ. Абы щыщу 7-р жылагъуэхэм ейщ, 5-р Нарткъалэ дэтщ.

Уней лъапсэхэм токыр зэрырашалІэ кІапсэу километр 1,5-рэ щІэкІэ зэрахъуэкІащ. РУЭС-м и ІэщІагъэлІхэм адэкІи

Къаныкъуэ Анфисэ

Мэуэтхэр

Тхыдэ роман

(Кіэльыкіуэр. Пэщіэдзэр №№9 94, 96, 97, 98, 100-хэм итщ).

Къэлытмакъым къриха джатэжьейм и Іэпщэр быдэу икъэзащ Удынэ. Дэрдэнейхэм къагурыуат я зэманыр ауэ сытми зэрагъэкіуэдар. Я пщэ кьыдалъхьа унафэм пэлъэщатэкъыми, Іэл фіыцІэу кьызэщІэнащ.

- Еуэ мы хьэбзми, пык!! Зыри кьыпытхьанукъым. Зи мыхъуми, дигу тедгъэзэгъэнщ, - убжьытхэщ ужьыхурри, гупым я нэхъыщхьэм хуеплъэкІащ.

Ужьыхур нэрыбгейм дежкІэ кьеплъэкІыжакъым... Удынэ игъэльэта джатэжьейм абы и пщэ кІэщІыр зэщІигъэхури, и щыбгарэ кьыдэт зауэлІым и кьурмакъейм зыихэсжащ. Ар апхъэдэдкІэ псынщІэу, напІэзыпІэм къэхъуати, ужьыхум и пщэм уэру кьриутхыкІ пщыр кьыздикІар занщІэу къагурыІуакъым дэрдэнейхэм. Яшхэр, триупІэ ічы пщтырым игъэщтауэ, щІэлъэт-щІэлъэту зэхэзекуэн хьуащи, шхэмылакІэр кьыжьэдакьуэурэ ягъэзэгъэжьыну яужь итщ. Уду къальытэ нэрыбгейм бгъэдэкІуэтэну дзыхь ямышІу зэкэт зауэлІэхэм, зэгурыІуам хуэдэу, зэуэ къашэщІащ я шабзэкэр. Ауэ, яутІыпщІыну хунэсакъым. КъыздикІар къэхъуари зыми къагурымыІуэу, мэзым кьызэрыщІэхащ нэрыбгей гуп. Маиса удыжьым деж кьикІыжа пщащэхэм къаутІыпща гъущІ шабзэщэ Іуэнтіахэм гъуанэпщІанэ ящІащ дэрдэней зауэлІхэм я дэщІ зэщІэщІууэхэр.

Пэжт Удынэ игу ирилъхьар. Пэжт. Мыхьэнэ игъэтащ иджы и гъащІэм... Зэхэуэм я нэхъ гуащІэр лъэпкъым кьыпэщылъыми, пщащэм и псэр а гупсысэм дэпсэхуэкуэ щэтащ. Кьезыгъэла нэрыбгейжкІэ маплъэ, ауэ кьыхуэпІащІуэ кьызэрыхь и ныбжьэгъухэр хъарпшэру фІэкІа ильъагуркъым, и щхьэр, бжьэ щызэрызехьэм хуэдэу, мэву, и нэр щоункІыфІыкІри, и пкъыр хуэмыІыгъыжу шы сокум зыхеІубэ.

* * *

ПЩЫХЬЭЩХЬЭХУЕГЪЭЗЭКІЫУ зэгъэж дыгъэм и бзаилпІ мащІэхэм таж пыІэхэмрэ бжьыкІ папІэкэмрэ пэлыдау Іуащхьэм къытехьащ хэкур бидзэм къыІэщІахьыжьну, дэрдэнейхэр зэкаКъутэну къызэхэуэса, гукъыдэжьым кьызэщІиІэта нартыдзэр. КІэбгъуПІ мэзыжьым и курыкуГэхэм быдапІэ иращІыжьу жьыпэщхуэу къэтІысысжа нэрыбгейхэм кьахуеблэгъат зи хьыбарыфІхэр хэкум кьыщрахьэкІ лІыхъужь Іэлхэр, хьыжьхэр, ерухэр. НэжьгъущІыдэзм и Іуаэзэм - Удынэ - и хэщІапІэу чэщанэ лъагэм и щхьэм жэщ-махуэ имыІэу, зызэблахъуу сытым дежи тетщ пПъыр зыбжанэ. А чэщанэм и хьащІэщырщ хасащхьэр зыщізэкашари. Батэр зыгъэша, уей-уей жезыгъэІэ дзэпщ хахуэхэмрэ зи цІэр зи яПэ ит нарт лІыхъужьхэмрэ тепсэлъыхьыр дэрдэнейхэм зэребгъэрыкІуэну щІыкІэм, Аскъалэ хуит кьызэращІыжьыну Іэмалхэм. Мывэ кьалэкІэ кьеГъэбыдэкІа нэрыбгей жьыпэщхуэм я хуэдизкІэ щІыкІуэр зэрагъэсэм нэ лей темыплъэн хуэдэу, кьуажэкъм дэт Іуащхьэ лъагэм тращІыхьа уэзшхуэм щхьэхуэу щаІыгъ. Уны домбейр зэращІа щІыкІэр кьагурымыІуэу, я щхьэ яГъэкІэрахъуэу зэхэтщ нарт зауэлІхэр. ЦІыхубз тельыдэжкэм я тКІиягъыр, я гъащІэмрэ Іуэхуэмрэ зэпэщу зэрыкІэтыбгар яГъэщІагъуэу зэпаплъыхь лІыхъужьхэм.

Нэрыбгей къэс езыр зэрыхуейм хуэдэу и уэз иухуэжауэ щІэсщ, унагъуэщ, кІэщІу жьпІэмэ, щхьэзакъуэхэщ жьмыІэмэ. Е бынкъым, е лІыкъым... Бын яІэщ, дауи, ипэжьпІэкІэ. Я бынхэм зэи яІупІакъым, яцІыхуркъым армыхьужьмэ. ЦІыхуэхуэхэм тепсэлъыхьыр дэрдэнейхэм зэребгъэрыкІуэну щІыкІэм, Аскъалэ хуит кьызэращІыжьыну Іэмалхэм. Мывэ кьалэкІэ кьеГъэбыдэкІа нэрыбгей жьыпэщхуэм я хуэдизкІэ щІыкІуэр зэрагъэсэм нэ лей темыплъэн хуэдэу, кьуажэкъм дэт Іуащхьэ лъагэм тращІыхьа уэзшхуэм щхьэхуэу щаІыгъ. Уны домбейр зэращІа щІыкІэр кьагурымыІуэу, я щхьэ яГъэкІэрахъуэу зэхэтщ нарт зауэлІхэр.

ЦІыхубз тельыдэжкэм я тКІиягъыр, я гъащІэмрэ Іуэхуэмрэ зэпэщу зэрыкІэтыбгар яГъэщІагъуэу зэпаплъыхь лІыхъужьхэм.

Нэрыбгей къэс езыр зэрыхуейм хуэдэу и уэз иухуэжауэ щІэсщ, унагъуэщ, кІэщІу жьпІэмэ, щхьэзакъуэхэщ жьмыІэмэ. Е бынкъым, е лІыкъым... Бын яІэщ, дауи, ипэжьпІэкІэ. Я бынхэм зэи яІупІакъым, яцІыхуркъым армыхьужьмэ. ЦІыхуэхуэхэм тепсэлъыхьыр дэрдэнейхэм зэребгъэрыкІуэну щІыкІэм, Аскъалэ хуит кьызэращІыжьыну Іэмалхэм. Мывэ кьалэкІэ кьеГъэбыдэкІа нэрыбгей жьыпэщхуэм я хуэдизкІэ щІыкІуэр зэрагъэсэм нэ лей темыплъэн хуэдэу, кьуажэкъм дэт Іуащхьэ лъагэм тращІыхьа уэзшхуэм щхьэхуэу щаІыгъ. Уны домбейр зэращІа щІыкІэр кьагурымыІуэу, я щхьэ яГъэкІэрахъуэу зэхэтщ нарт зауэлІхэр.

Нэрыбгей къ

Пці́ым итхьэлэ «къэхутакІуэхэр», е Сыту пІэрэ къэрэшейхэр щызыгъауэр?

***2019 гъэм фокІадэм и 14-м илъэс 250-рэ ирикъунщ дунеяплъэ цІэрыІуэ Гумбольдт Александр. Апхуэдэ дыдэу мы гъэм ягъэльапІэщ ар Урысейм зыщІиплъыхьыну къыдзэрыкІуэрэ илъэси 190-рэ зэрырикъуар. Гумбольдтщ зи фІыгъэр 1829 гъэм генерал Эмануэль Іуащхьэмахуэ экспедицэ дришеину зэрыпетгушхар.*

***«Урыс географическэ зэгухьэныгъэм» и сайтым хъыбар къызэрыдгащІэмкІэ, Іуащхьэмахуэ ягъэ цІыхуэ зэрыдзэкІрэ илъэси 190-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу жэрдэм ящІри, бадзэуэгъуэм и 29-м гупышхуэ бгым дэкІащ икІи и Іэгъуэблагъэр тхьэмахутІкІэ къыдзэкІуэкащ. ЗекІуэм ипэ къыхуэу, Урысейм АльпинизмэмкІэ и Федерацэм къыбгъдэкІыу Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек къыхуагъэхьа хъыбарегъащІэ тхыльым щыгъуазэ дещІ щІэуэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр «Гумбольдтрэ Іуащхьэмахуэрэ» зыфІаща конференцэм хэІущІыІу зэрыщащІыжыным, Ростов областым, Мэзкъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым ит еджапІэ нэхъыщхьэхэм абы теухуа зэІущІэхэр зэрыщрагъэкІуэкІынум.*

Абы ирихьэлІэу дэри ди щІэджыкІакІуэхэм ягу къэдгъэкІыжыну дыхуэйщ Хьэшыр Чылар и къуэрыпхъу Аскэр, и адэшхуэр зыхэта экспедицэм теухуауэ щыІэ Іуэху зэІуменбзэкэр игъэзэжкІуэжьын папщІэ утыку къырихьауэ щыта тхыгъэхэм яз.

Ягъэ урысей альпинист Хьэшыр Чылар

Къэршей пхъэнкІ Конгрессым и унафэщІым зэрызыхэзгъаэз тхыгъэ зэІуха

1935 гъэм тхыдэдж цІэрыІуэ Сивков Константин «Вестник Академии наук СССР» журналым и 7-8-нэ къыдэкІыгъуэхэм кІанэ щымыІэу къыщиІуэтэжауэ щытащ 1829 гъэм Іуащхьэмахуэ ягъэ дэкІуэ Хьэшыр Чылар зыхэта экспедицэр зэрекІуэкІа щыкІэр. Абы тегъэщІапІэ ищІар журнал, дневник, е тхыгъэ кІэщІ цІыкІу гуэру щыттэкьым, атІэ а экспедицэм хэтахэм ятхыжа дэфтэрт. Ахэр къыхахат 85-нэ архивым: «Іуащхьэмахуэрэ Кьэнжалрэ къыпІьхьэхьн папщІэ, кавалерие и генерал Эмануэль 1829 гъэм кьызэригъэпэщ экспедицэ» («О предполагаемой генералом от кавалерии Эмануэлем экспедиции в 1829 году для обозрения ближайших окрестностей горы Эльбруса и Кинжал горы». РГВИА ВУА №1014 ф. 846 оп. 16). Зи щІыхьыр иным и Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІ, кавалериемрэ и генерал, генерал-адъютант, кавалер, зиусхьэн Чернышёвым папщІэ кавалериемрэ и генерал Эмануэль Іуащхьэ дадзэуэгъуэм и 22-м игъэхьэзыра 174-нэ рапортым абы езым и Іэкіэ иритащ: «...*Чыларкіэ зэджэ къэбэрдей* щІалэ закъэрщ сыхьэт 11-м дэж а бгым и щІыгум дэкІыфар» («...один только *кабардинец* по прозванию *Хилар* успел достигнуть около 11-ти часов самую вершину горы».

А дэфтэр дыдэм иджыри тхыгъэт Іущрохьэлі́э: зыр - зи щІыхьыр иным и генерал-квартирмейстерым и Канцелярием и унафэщІ, зиусхэн генерал-майор, кавалер Шуберт папщІэ 1829 гъэм щыщхьэІуІум и 19-м поручик Щербачёвым игъэхьэзыра 31-нэ тхыгъэрщ. Абы итщ: «Къэбэрдей щхьэхуитхэм ящыщ зы цІыху закъуэщ сыхьэт 11-м деж Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІыфар... А лІыгъэ зэрихьам папщІэ абы дыжьын ахъшэкІэ сомИ 100 тыгъэ зэуащІащ». ЕтІуанэр - «Эмануэль я пашэу Іуащхьэмахуэ къаплъыхьын папщІэ кьызэрагъэпэща экспедицэм и «бзаплхьэ» («черновик»). Абы итщ: «*Хьэшыр* Чылар зи цІэ *къэбэрдей* щІалэ закъуэрщ Іуащхьэмахуэ и щІыгум дэкІар». («Один только *кабардинец* по имени *Киляр Хаширов* взошёл на самую вершину Эльбруса...»)

Абдежми кьыщымынэу, граф Паскевичым папщІэ 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м граф Эмануэль игъэхьэзыра рапортым (№180) ягъэ Іуащхьэмахуэ дэкІуэрм и цІэр кьыщокІуэ: «Чылар зи цІэ къэбэрдей щІалэ закъэрщ сыхьэт 11-м деж мы бгым и щІыгум нэсыфар».

Экспедицэмэ ягъэ Іуащхьэмахуэ щыгум теуваи а зэманым газет куэд тетхьыхьауэ щытащ. Псальэм папщІэ, «Тифлисские ведомости» (№ 34, 1829 гъэ, шыщхьэІуІум и 23), «Одесский вестник» (№179, 1829 гъэ, жэпуэгъуэм и 2), «С. Петербургские ведомости» (№13, 1829 гъэ, фокІадэм и 20).

Голицын Николай джынэзым «Генерал Эмануэль и гъащІэ гъэгъуэ» («Жизнеописание генерала Эмануэля») зыфІища и Іэдакъэщкіыкіу 1851 гъэм Греч Николай и тхыль тедзапІэм кІыщыдигъэкІами и гугъу щещІ ягъэ Іуащхьэмахуэ дэкІуэм: «*ШІэрджэсхэм яз, къэбэрдей щІалэ, Чылар* и цІэу, адрейхэм яхэщхьэкухІри, сыхьэт 11-м Іуащхьэмахуэ и щыгум кьыщыхутащ».

«Экспедицэм гъэгугъэлъагъуэ щахуэхъуэхэр къэрэшеипщ Крымшамхалов Исльам зэригъэхьэзырам» Хьэшыр Чылар кьэрэшей пІэлъэкым кьызэрыжьэкІар кьиІэгъэлъагъуэ, ар мэжар къэхутакІуэ Бешы Я. К. (Бессе Ж. К.) и нэкІэ ильагъуэ итхьижауэ, а псор кьызэщІэуэбыдауэ зэрыт тхыгъэ урысей альпинизмэм и къэхутакІуэ Симонов Евгений кьызэринэкІауэ» щыжыбоІэ уи тхыгъэм. «Экспедицэм и унафэщІу щыта Купфер Адольф кьиХь жыІэгъуэхэр щыхьэту кьоув гъэгугъэлъагъуэрэ абыхэм ящы щыта Хьэшыр Чылари къэрэшейбалъкъэрбзэкІэ зэрызэпсэльар», - дыкъышоджэ абы иджыри.

Ауэ Де Беш Жан Шарль «Крымым, Кавказым, Куржым, Ермэлым, Азие Гупэм, Константинополь 1829 - 1830 гъэхэм сызэрыщыІар» («Путешествие в Крым, на Кавказ, в Грузию, Армению, Переднюю Азию и Константинополь в 1829 и 1830 гг.») зыфІища и тхыль 1838 гъэм Париж кьыщыдигъэкІам щитхыр щыраш: «*Къэбэрдеишхэм хьихьэ Налшык псыежхьм и Іуфэ Іус Вольнэ Аул щыщ* щІалэ хьэрэмыгъэнэшэм хэлъ Іэдэбым гулыытэ нэхьыбэ хэтэщІыну хуэфащэт. Абы и цІэр *Чыларщ*... ЗгъэщІагъуэу сыкъеджащ Тифлис кьыщыдэкІа газетым къратахыкІыжу Одессэ щытрадзам ар тхъышэрэ щІакъуэу щыта хуэдэу зэрыщыжьаІэм. СщІэркъым а корреспондент гуушІорэйм мураду иІар, лІыгъэ зыхэлъ къэбэрдей щІалэр зэрыщымыту кьигъэльэгъуэну щыхуежьам. Ар [Чылар] цІыху хэщІыхьауэ, ауэ быдэфІщ, и Іэпкъ-лъэпкъым сэкъат иІэкъым».

«Бытырбыху дзт Академием папщІэ абы хэт Купфер Адольф игъэхьэзыра отчёт» 1830 гъэм кьыдэкІам Іуэгугъэльагъуэхэр къэрэшей-балкъэрыбзэкІэ зэпсэльа хуэдэу щыжиІэ щхьэкІэ, ар пэжкъым. Ауэ ардыдэм дыщрохьэлІэ «Іуащхьэмахуэ теухуа псальэ» тхылъым ит тхыгъэу «Бырмамыт и джэрпэджэж шынагуэр» жьхуиІэм, литератор, журналист Симонов Евгений и ІэдакъэщІэкІым. А тхылъыр кьыщыдэкІар 1983 (!) гъэрщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Іуащхьэмахуэ экспедицэр зэфІэкІыу илъэси 154-рэ дэкІа нэужь. Симонов Евгений зытепсэльыхьыр и нэкІэ ильэгъуакъым, ауэ, тхакІуэу щыщІыткІэ, ар хуитт художественнэ тхыгъэм кьигупсыса гуэр хигъахьэну.

Зи цІэ кьраІуэхэу экспедицэм тепсэльыхь адрейхэр (Фрешильд Д., Селл В., Вуп Г., Мориц Дечи, Радде Г., Поггенполь В., Новомарьевский А., Анисимов С., Фролов Я., Давилович С. сымэ) 1829 гъэм екІуэкІа экспедицэм хэтакъым, илъэс щІы бжьигъэхэр дэкІа нэужь зэрыхуагъэфащэм хуэдэу ятхыжауэ аращи, абыхэм я лэжьыгъэр дэфтэр щыхьэту кьэбгъэуцэ хьунукъым.

Псори кьызэщІэткъуажмэ, дызыхуэкІуэжьир зыщ: 1829 гъэм ягъэ Іуащхьэмахуэ дэкІуэм Хьэшыр Чылар къэрэшейуэ щыта хуэдэу кьэзыгъэльагъуэ зы дэфтэрр дунейм теткъым. Аращи, фІэгъэнапІэ зэрыщымыІэм кьыхэкІыу, пІэлъэкхэр щІызэпэщІэувэн щхьэусыгъуи щыІэкъым.

ИтІанэ уи кьыхуеджэныгъэм «пщІэ зиІэ Хачировхэ я пІэлъкым и пІэуІэ» жиІэу кьэзэрыкІуэр дызыгъэпІейтей Іэхуащ. 2009 гъэм Хьэшырхэрэ Хачировхэрэ я лІыкІуэхэм утыку кьрахьа джэпсальэм кьызэрыхэщымкІэ, «апхуэдэ Іэхуэхэр зэхэзыгъэкІын хуейр тхыдэ щІэныгъэлІэкъм я закъуэщ, ахэр лъэпкъхэр щІызэпэщІэувэн щхьэусыгъуэ хъун хуейкъым». ФІэщщыгъуейщ 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Хачировхэ ящыщу абы зи Іэ щІэзыдза Хачиров Исмэхьи Аэрэт и къуэм кьызыхэкІа лъэпкъым пщІэ кьыщыхуамыщІыкъы. Мы уи кьыхуеджэныгъэм хуэдэ дэфтэрхэр нэмыс зыхэмылъ щІыхуэхэм лъэпкъхэр зэпэщІагъэувэн мурадкІэ кьагъэщхьэпэнкІи хъунущ, я хэкър фІыуэ ильагъу хуэдэу защІу.

Уэ зэшгъэлэрыгъар Мизиев Исмэхьил дунейм ехьжа нэужь кьыздбгъэкІа «Іуащхьэмахуэ теПь лъэужьхэр» тхылъыр ара кьыщІэкІынщ. Сэ шэч кьытесхьэркъым Урысейм Альпинизмэмкіэ и Федерацэм и президент Волков Андрей хъыбар мыпэж хуебгъэхьыныр кьызыхэкІар Хьэшыр Чылар и Іуэхум уэзрыщІымыгъаэзэм фІэкІа нэгъуэщІым кьызэрыхэмыкІам.

Зи цІэр фІыкІэ Іуа цІыхуэ уэзрыщІытым и фІыгъэкІэ, уэ уи дежкІэ гугъу хъунукъым Урысейм Альпинизмэмкіэ и Федерацэм и президент Волков Андрей аргуэру зыхуэбгъазэу Іуэхуэр зэбгъэзэхуэжьыну. Нэмыс зэрыпхэльым шэч кьытесхьэркъым, узыншагъэрэ фІыгъуэрэ уиІэну сынохъуэхъу!

ХЬЭШЫР Аскэр,
МЧС-м и подполковник.
Налшык, 2019 гъэ, мэлыжьыхьым и 17.
Зэзэдзэкіар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

ЛЪОСТЭН Георгий Чэлимэт и къуэр

2019 гъэм шыщхьэІуІум и 20-м и ныбжьыр илъэс 84-м иту дунейм ехьжащ щына-лъэм хьихьэ Аушыджэр кьуажэм 1935 гъэм зэпэуГуэм и 19-м кьыщалъхуащ.

Налшык дэт 2-нэ курыт еджапІэр дыщэ медалькІэ кьиуха нэужь, ар Бауман Н. и цІэр зэрихьэу Москва дэт техникэ училищэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьащ икІи ар фы дыдэу 1959 гъэм кьиуващ.

Георгий Чэлимэт и къуэм блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм Налшык политехникэ техникум кьыщыдзэрегъэпэщауэ щытащ икІи абы и унафэщІу илъэсикІэ лэжьащ.

1970 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1976 гъэ пщІондэ Льостэныр цІыхубз депутатхэм я Налшык къалэ советым и унафэщІу лэжьащ

Лэскэн Илщэ къуажэм. ИльэситкІэ и Іэнатіэм пэрытауэ, абы и еджэным щыпищащ Ленинград дэт медицинэ университетым и ординатурэм икІи и гъащІэ псом хуэпэжащ дохутыр ІэщІагъэм, кьыхихьа гъэгум.

Ар езыри хэту 60 гъэхэм икуэм республикэм ягъэ щекІуэкІащ нейрохирургие операцэхэр, абы хэущІа кьудамэ щхьэхуи сымаджэщым кьыщызэІуахауэ щытащ.

Льэпщокъуэ БетІал ЖыІэгъуэ Іэзэгъэр абы ІуІуэ, «Адыгэхэм я льэпкъ фІыгъуэхэр» фондым щылэжьащ.

Льэпщокъуэ БетІал ІулыджэшхуэщІ щиІащ и лэжьагъуэхэм я деж, зэІэзэхэм, зи уэзр зыщхьэщыхахэм фІыуэ кьалъагъуу, пщІэ кьыхуащІу щытащ. БетІал зэпымыууэ хущІэкъурт щІэ гуэр кьызэрищІэным, ар и лэжьыгъэм зэрыхипщэным, дохутыр зэчиифІэ куэди и ІэщІагъэм хуигъэзащІ. Абы и гъащІэ гъэгугъу и щапхъэ нэсщ и льэпкъым, кьыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэлажьэным.

Льэпщокъуэ БетІал Хьэсен и къуэм - Іэщагъэлі нэсым, кьызэрэгъэпщакІуэ зэчиифІэм, цІыкІу гуэрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын пэжым - и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъэнщ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэр.

ЛЪЭПЩОКЪУЭ БетІал Хьэсен и къуэр

Мы гъэм шыщхьэІуІум и 20-м и ныбжьыр илъэс 89-м иту дунейм ехьжащ республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и Іэнатіэм и Іэзэгъэпэщакіуэ жыджэрхэм ящыщу щыта, РСФСР-мра Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щІыхь зиІэ я дохутыр, СССР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и отличник, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Льэпщокъуэ БетІал Хьэсен и къуэр.

БетІал Хьэсен и къуэр Ауан щІыналъэм щыщ Къэхъун къуажэм къыщалъхуащ. Къэхъун дэт еджапІэм курыт щІэныгъэм нэмыс щызригъэгъуэта нэужь, и ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхъуауэ, ар Налшык щІэнт медучилищэм щІэтІысхьащ икІи ар фы дыдэу къиухащ. Абы иужькІэ ар Дагъыстэн къэрал медицинэ университетым щІэтІысхьащ. 1955 гъэм ар къиухри, Льэпщокъуэм дохутыру лэжьэн щыщІидзащ

Іэхуэр щызэхагъэкІым къыщІагъэщащ ячыдыдзэр апхуэдэ щІэпхъаджагъэу 2-м зэрыхэпщІар.

Уголовнэ Іэхуэ къаІэтащ.

Къэралым къыщалъхьхьуэрт

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиІэ къудамэмрэ КъБР-м щІэ УФСИН-мрэ я лэжьакІуэхэм 2019 гъэм шыщхьэІуІум и 14-м Нарткъалэ щаубыдащ мызэ-мытІэу суд зытращІыхьа, илъэс 41-рэ зи ныбжь арщыдандэсыр.

ЦІыхухъЪур къэралым къыщалъхьуэрт, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям къыщІэлъэгъуэ щІэпхъаджагъэр (хабзэм кьемызэгъэуу наркотикэхІэкІэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр е абыхэм хуэдэхэр зыІэрыгъэхьэн, хьумэн, гъэпэхьэн, гъэхьэзырын, елэжьын) мазэ ипэкІэ илажьауэ щэч хуащІ.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

Иджыри зыкъаужьыжакъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 0:3 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ЩыщхьэуІуэм и 24-м. ЦІыху 250-рэ ельащ.

Судьяхэр: Колтунов, Валеев (тІури Дон Іус Ростов щыщщ), Лацвиев (Шахты).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Белоусов, Ольмезов, Сындыку, КІэдыкІуей, Хьэшыр, Салахетдинов (Дэхъу, 68), Машэжь, Шаваев (Іэпщацэ, 46), Ашу (Кльшэ, 74), Бацэ (Апажэ, 79).

«Мэшыкъуэ-КМВ»: Малолетков, Кабулов, Лезгинцев, Ганиев, Пономарёв, Демидов, Сакадеев (Карибов, 79), Кюрджиев, Беркашанский (Нестеров, 63), Джатиев (Шевченкэ, 55), Мустафаев.

Топхэр дигъэкІащ: Курджиевым, 23-пенальтикІэ (0:1). Сакадеевым, 50 (0:2). Шевченкэ, 65 (0:3).

Дагъуэ къыхуащІащ: Щоджэным, Машэжьым, Ольмезовым, Трубициным (тренер нэхъыщхьэм), Салахетдиновым, Хамхоевым (джэгум хэмыту), Демидовым.

Джэгум къыхахуащ: Машэжьымрэ Мустафаевымрэ.

АСТРАХАНЬ щыІэу тхьэмахуэ ипэкІэ 0:6-уэ къыщэрыщыхагъэщІам «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм ерыщагъ къыхилъхьэн хуейт. Абыхэм къыдэщІхэм ирагъэльагъуэхэт ар зэрымащІэкІэ къыщэрыхьуар. АрщхьэкІэ...

Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р щІэзыдза зэхьэзэхуэм и джэгуГуэ блэкІам ягъэ щытекІуаэу арат. Абы щыгъуэми, Мэхъэчкъалэ къыкІа «Легион Динамо»-р 4:0-у зэрыхигъэщІам и щІалэхэр мыбдлэрыгъыну къыхуриджэт. Тхьэмахуэ дэкІуэу арат «Спартак-Налшыкми» мы зэхьэзэхуэм ягъэ зэрыщыфІахьрэ. Апхуэдэу щытпэтми, фІэщщыгъуейщ текІуэныгъэр (псом хуэмыдэу бжьигъэшхуэкІэ) зыІэрагъэхьэну я мураду хъэщІэкъэ Налшык къэкІуаэу. Абыхьэм я дежкІэ зы очкори насыпышхуэ.

Джэгум и щІэдзэкІэм къиГъэльэгъуащ ди щІалэхэр текІуэныгъэм зэрыхуэпабгъэр. Абыхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ ІущхэмПсыхуабэ къикІахэр я гъэм иригулІжат. Къыщыдыхьунут «Спартак-Налшыкым» мыгувэу бжьигъэр зыхьэзІуихыну. АрщхьэкІэ ар гугъэ нэпцІу къыщІэкІащ. 23-нэ дакьикъэм, налшыкдэсхэр къаруушуэкІэ ипэкІэ зэрыкІуэтар къиГъэсабэпри, «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и футболистхэм ящыщ зы ди гъуэм и закъуэу къыхыхилъхьащ. Абы зыпэщІэзыдза Щоджэн Борис ар ириудащ икІи пенальти къыхтчуилэжьащ. Ди гъуащхьэтетым и щыуагъэр иГъэзэкІуэжьну хущІэкъуащ, ауэ метр пщыкІэным и деж щыту кьеуа Курджиевым апхуэдэ Іэмал къритаркъым - 0:1.

ХьэщІэхэр япэ зэрищам налшыкдэсхэм я лъэр щІигъэхуащ. Абыхэм сэбэп къьхэхъуэкъым джэгур щызэпагъуэа дакъикъэхэм я тренерэм кърата чэнджэщхэр. ЗэІущІэр ирагъэжьэри, дакъикъитху дэкІауэ арат 0:2-уэ хэгъэрейхэм фІэхь щьхъуам. Мыгувэу ещанэ топри я гъуэм дыхьащ.

Аргуэрыжьу бжьигъэшхуэкІэ зэрыхагъащІэм «Спартак-Налшыкыр» ЩынщІ яригъэкІащ. «Мэшыкъуэ-КМВ»-р икІуэтынутэкъым. Арати, джэгум и етІуанэ Іыхьэм икуэм зэхэлъхьэжри, лъэныкъуэхэр зэпщэфІащ. Абы ипкъ иткІэ Машэжьымрэ Мустафаевымрэ зэІущІэм кьыхаухауэ, зыбжанэм судьям дагъуэ къьхэуащІ, ди тренер нэхъыщхьэ Трубицин Сергейрэ джэгум хэмытыхха хьэщІэхэм я гъуащхьэтет Хамхоевымрэ ядэщІыгъуэ.

«Спартак-Налшыкым» и Іэхуэхэр иджыпсту зэрымыщагъэрэ кьегъэльагъуэ ижь зэІущІитІым и гъуэм топибгъу кьызэрыдгаГъэкІам. Ар ешэ зэхэзыхьмы-жаныкІыфамрэ. Абы ипэкІэ щыІа джэгуГуэиплІым зыри къыщытекІуэфатэкъым. Адэкіэ нэхъыфІым дыщыгугъынщ.

Зэхьэзэхуэм япэ очкоэр щыфІэкІуэдащ Мейкьуапэ и «Дружба»-м. Дагъыстэным и къалащхьэм ар щефІэкІыфакъым щыІпІэ «Анжи»-м. Абы щхьэкІэ къэмынэу Адыгейм и футболистхэм зэпеуэм бжьыпэр щаІыгъ, къажэІыеІэ Астрахань и «Волгарь»-р Владикавказ щыІэу «Алания»-м бжьгъэшхуэкІэ къыщэрыхгъэщІам и фІыгъэкІэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ зэхэта зи чэзу джэгуГуэм кърикІуа бжьигъэхэм. Мис ахэр: «**Урожай**» (Краснодар) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **1:1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **6:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Интер**» (Черкесск) - **2:0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Волгарь**» (Астрахань) - **3:0**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - **2:2**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, СКА (Дон Іус Ростов) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1:3**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ихьхьэ къыкІэльыкІуэ зэІущІэр фокІадэм и 1-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Дагъыстэным и къалащхьэм щыпІэ «Мэхъэчкъалэм» щыдзджэгунущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионы ми «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІар

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	**«Дружба»**	6	5	1	0	10-4	16
2.	«Динамо-Ставрополь»	6	5	0	1	14-4	15
3.	«Волгарь»	6	4	1	1	13-4	13
4.	«Черноморец»	6	3	2	1	12-5	11
5.	«Мэхъэчкъалэ»	6	3	1	2	4-2	10
6.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	6	2	2	2	9-4	8
7.	«Краснодар-3»	6	2	2	2	8-12	8
8.	**«Спартак-Налшык»**	**6**	**2**	**2**	**2**	**8-13**	**8**
9.	«Алания»	6	2	1	3	9-9	7
10.	«Биолог-Новокубанск»	6	1	4	1	4-5	7
11.	«ЛегионДинамо»	6	2	1	3	4-12	7
12.	СКА	6	2	0	4	5-8	6
13.	«Интер»	6	1	2	3	5-10	5
14.	«Анжи»	6	0	4	2	8-10	4
15.	«Урожай»	6	0	3	3	5-10	3
16.	**«Спартак-Владикавказ»**	**6**	**0**	**2**	**4**	**3-9**	**2**

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Фэтэрхэм щодыгъуэ

Илъэс 47-рэ зи ныбжь цыхьэбзым Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ и управленэм 2019 гъэм шыщхьэуІуэ и 10-м зыхуигъэзащ. Щхьэусыгъуэр Гагариным и цІэр зезыхьэ уэрамым щыІэ и фэтэрым езыр зэрыщІэмысыр къагъэсэбэлу сом. 10000 и уасэ телевизорыр зэрыщІадыгъуэкІарт.

ПОЛИЦЭМ и къудамэ №2-м уголовнэ къэлъыхьуэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм мы гъэм шыщхьэуІуэ и 14-м яубладащ зыч зыхуащІхэр. Ахэр нэхъапэми суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 27-рэ зи ныбжь налшыкдэсымрэ абы и цІыхугъэ, илъэс 24-рэ хъу, Хьэсэнэй щыщ щІалэмрэщ.

Абыхэм ялэжьамкІэ заумысижащ. Ядыгъуэр кьыщІэхьыжащ.

Іуэхуэр щызэхагъэкІым къыщІагъэщащ яубладаэр апхуэдэ щІэпхъаджагъэу 2-м зэрыхэпщІар.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

Къэралым къыщалъхьхьуэрт

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиІэ къудамэмрэ КъБР-м щІэ УФСИН-мрэ я лэжьакІуэхэм 2019 гъэм шыщхьэуІуэ и 14-м Нарткъалэ щаубыдащ мызэ-мытІэу суд зытращІыхьа, илъэс 41-рэ зи ныбжь арщыдандэсыр.

ЦІыхухъЪур къэралым къыщалъхьуэрт, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 228-нэ статьям къыщІэлъэгъуэ щІэпхъаджагъэр (хабзэм къемызэгъэуу наркотикэхІэкІэр, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр е абыхэм хуэдэхэр зыІэрыгъэхьэн, хьумэн, гъэпэхьэн, гъэхьэзырын, елэжьын) мазэ ипэкІэ илажьауэ щэч хуащІ.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Марианэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэгущэкъуэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторнэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуэщ Іапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэныкІэ зэрыщІэныгъэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэзэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; комп ютер Іэнатіэм - 42-26-41; суръэтхэм - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Жьэкіэмыхъу Марианэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нан.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нан.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щыгъуазэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.064 ● Заказ №770

«Татграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+